3. Ўзбекистон Республикасида миллий маданиятни янада ривожлантириш концепциясини тасдиқлаш тўғрисида Ўзбекистон Республикаси Президентининг 2018 йил 28 ноябрдаги ПҚ-4038-сон қарори.

4. Моянов Ы. Қорақалпоқ халқ мусиқаси асосида ўқувчи-ёшлар маънавий-ахлоқий фазилатларини шакллантиришнинг ҳусусиятлари: педагогика фанлари бўйича фалсафа доктори (PhD) . … дис. – Тошкент, 2019. – 153 б.

**РЕЗЮМЕ.** Ушбу мақолада бахшичилик санъати шу билан бирга Қорақалпоғистонда бахшичилик санъатининг ривожланиши ва қорақалпоқ халқ шоир ва бахшилари томонидан яратилган халқ куйлари ва қўшиқлари муҳим тарбиявий аҳамиятга эга эканлигини ва ўзбек миллий мақом санъати, ҳар икки йилда бир марта Халқаро мақом санъати анжумани ҳамда Халқаро бахшичилик санъати фестивалининг ўтказилиши ҳақида сўз юритилган.

**РЕЗЮМЕ.** В этой статье рассказывается о развитии искусства бахшики в Каракалпакстане и важном образовательном значении народных песен и песнопений, созданных каракалпакскими народными поэтами и бахши, а также узбекского национального статусного искусства, международной конвенции статусного искусства, проводимой каждые два года, а также Международного фестиваля искусства бахшики.

**SUMMARY.** This article describes the development of Bakhshiki art in Karakalpakstan and the important educational significance of folk songs and chants created by Karakalpak folk poets and Bakhshi, as well as the Uzbek national status art, the international Status Art Convention held every two years, as well as the International Bakhshiki Art Festival.

## DIRIJYORLÍQ KÓRKEM ÓNERINIŃ TÚRLERI HÁM EVOLYUCIYASÍ

**R.Allambergenov** - assistent oqıtıwshı
*Ózbekstan mámleketlik mádeniyat hám kórkem óner institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** musiqa, fortepiano, madaniyat, san’at, musiqa asari, dirijyor, konsertmeyster.

**Ключевые слова:** музыка, фортепиано, культура, искусство, музыкальное произведения, дирижёр, концертмейстер.

**Key words:** music, piano, cultura, art, musical work, accompanist.

Bul kórkem óner uzaq tariyxqa iye. Dirijorlıq ónerin atqara baslaǵannan berli olarda ritm hám pátke ámel qılıw zárúrligi payda bolǵan. Baslaması xalıqlardıń oyın hám qosıqlarında ritmdi shappatlaw menen birge, dúbirletip yamasa dombıra shertip urıp turǵan. Áyyemgi Greciyada xor basshıları bolıp, olar ayaqların dúbirletip, ritm belgilep bergen.

Rim qosıq mektep xorın basqarıp turıw ushın belgili bir qol háreketlerinen paydalanǵan. Dirijyorlıqtıń usı aytıp ótilgen eki usılı orkestr basqarıwına tiykar salǵan, birgeliktegi anıq atqarıwshılıqtı jolǵa qoyıw ushın dirijyor takttı ayaǵı menen urıp, tayaqsha menen pult yamasa poldı taqıldatıp taǵı sonıń menen birge, gernay etip oralǵan nota dápteri penen pulttı urıp kórsetip turadı. Qullası, takttı ayaq menen urıp kórsetiw uzaq waqıt dawam etti. Nemis kompozitorı, ataqlı ustazlardan biri Matteson (1731-jıl) tómendegishe pikirler aytıp ótken «Ayırım atqarıwshılar taktlardı ayaq penen urıp kórsetiw haqqında unamlı pikir beriwleri tań qalarlı, sebebi olardıń baslarınan kóre ayaqta ritm berip sanap otırıwları qolaylı dep esaplaǵan bolıwı múmkin. Sol sebepli ayaqqa boysınǵan».



Dirijyorlıq tayaqshası bolsa col waqıtta túrli uzınlıqta jasaytuǵın edi. Geyde onıń uzınlıǵı 180 cmge jetedi hám ol «Dirijyorlıq jezli – tayaq-shası» dep júritiledi, onı jerge urıp, takt belgilenedi. Opera teatrında, koncert zalında, shirkewde polǵa urılǵan soqqı urıw dawısı qanshelli úlken shawqım shıǵarıwın oyda

sáwlelendiriw qıyın emes. Orkestr basqarıwdıń bunday usılı ásirese Franciya, atap aytqanda Parij qalasında keń tarqalǵan edi. Ol Lyulli degen kompozitor tárepinen alıp kelingen hám tarqalǵan.

Bir kúni, ol muzıkaǵa berilip ketip, dirijyorlıq qılıp atırǵan waqıtta «tayaqsha» tayaqshınıń ótkir ushı menen ayaǵı jaralanǵan. Bul jara bolsa onıń ólimine sebep bolǵan. Biraq bul qayǵı da qashannan berli asa tereń túbir atıp ketken bul dástúrge saya salmadı. Bir sóz benen aytqanda, XVII hám XVIII ásirlerde dirijyorlıq wazıypasın tiykarınan klavesin, organ sıyaqlılardı shertiwshi kompozitorlar, geyde bolsa búgin biz orkestr koncertmeysteri dep atap kiyatırǵan tiykarǵı skripkashı atqaratuǵın edi. Olar tiykarınan ózleriniń, geyde bolsa ózgelerdiń dóretpelerin orkestr menen birge atqaratuǵın edi.

Muzıka kórkem óneri jedellik penen rawajlana baslaǵan dáwirlerge kelip, dáslepki operalar payda bolǵan. Kompozitorlar túrli ansambl hám de dawıslar ushın muzıka jaza basladı. Áne sonday gruppalar orınlanıwındaǵı páttiń birden-bir bolıwına erisiw ushın bulardıń basqarıwǵa mútájlik tuwıldı. Jaratılǵan muzıkalıq dóretpeler quramalasqanı tárepke, qosıqshılardı hám orkestrdi basqarıwǵa bolǵan mútájlik jáne de kúsheyip bardı.

Atqarıwshılıqta awızbirshilik hám pátke ámel qılıw zárúrligi bul áhmiyetli wazıypanı eń juwapker hám maman muzıkantlar ózlerine júklewdi talap eter edi. Bundaylar bolsa orkestrdiń birinshi skripkashısı yamasa orkestrde uyqaslıqtı támiyinleytuǵın chembalo partiyasın atqarıwshı sazendeler bolǵan. Geyde bul wazıypanı olardıń hár ekewi birgelesip atqarǵan. Yaǵnıy, chembaloshı jeke atqarıwshılar hám xordı basqarsa, birinshi skripkashı bolsa orkestrdi basqaratuǵın bolǵan. Bul túrdegi basqarıw da dirijyorlıq edi, biraq ol jaǵdayda bul jumıs házirgi áhmiyeti hám formasına iye emes edi. Dirijyorlıq kórkem óneri rawajlanıwınıń bul basqıshındaǵı ayrıqshalıq ózgesheligi - orkestrdi onıń aǵzası bolǵan muzıkantlar basqarıwınan ibarat edi. Dirijyorlıq eter eken, olar ózleriniń tiykarǵı shınıǵıwların da dawam ettirgen: birinshi skripkashı, birinshi skripka partiyaların shertken, organshı-organ shertken, chembaloshı-chembalo shertken. Bul tárizde birneshe wazıypanı birgelikte alıp barıw jaǵdayı uzaq jasay almaslıǵı anıq edi. Bul jaǵday muzıkalıq dóretpeler fakturasın aytarlıqtay dárejede ápiwayı hám barlıq atqarıwshılarǵa jetkiliklishe belgili bir hám túsinikli bolǵan waqıtqa deyin jasadı, olardıń kópshiligi túsinikli bolǵanı ushın da saqlanıp turǵan edi. Muzıkalıq kórkem óner rawajlanǵan sayın dóretpeler quramı hám muzıkalıq til de quramalasıp bardı. Bir waqıttıń ózinde orkestrde islep, onı basqarıw quramalı, keyinirek bolsa ulıwma atqarıp bolmaytuǵın jumısqa aylandı. Muzıkalıq dóretpe quramı, tili, fakturası quramalasıp, muzıkanıń jámáátlik atqarılıwın basqarıw múmkin bolmay qalǵanda, atqarıwshılıqtı basqarıw wazıypasın áyne waqıtta orkestrde bánt bolmaǵan shaxs óz moynına aldı. Áne sol dáwirdi dirijyorlıqtıń payda bolıwı, yaǵnıy zamanagóy dirijyorlıqtıń baslanıwı dewimiz múmkin. Dirijyor orkestrdiń ishinen turıp emes, bálkim sırttan qarap basqarıw kerek ekenligi ushın onnan ajıralıp shıqtı. Bul jaǵday atqarıwshılıqtı basqarıw múmkinshiliklerin kóbeytip, dirijyordıń basqa muzıkantlarǵa tásir kúshin asırdı. Keleside dirijyor muzıkalıq shıǵarmanı atqarıwshı birden-bir shaxsqa aylandı. Dirijyorlıq texnikasınıń rawajlanıwı hám joqarı dárejede jetilistiriw procesi baslanıp ketti, quramalasqan, túrli atqarıwshılıq qurallarınan kelip shıǵıp, muzıkanı atqarıwshı úlken atqarıwshılar jámáátin basqarıw múmkin emes dep oylaydı.

Birinshilerden bolıp bul kásipti belgili bir dirijyorlıq qábiletine iye bolǵan atqarıwshı-muzıkantlar yamasa kompozitorlar uqıbı shıńına alıp shıqtı. Bul orında Lyulli, Glyuk, Mocart, Mendelson, Shpor, Veber, Rixard Shtraus, Vagner, Berlioz, F. List, G. Maler hám basqalar atların sanap ótiw múmkin. Atları keltirilgen dirijyorlardıń barlıǵı bul kásip penen ózleriniń basqa qánigelikleri-kompoziciya, skripka shertiw menen bir waqıtta, parallel túrde shuǵıllanǵan. Bunday parallel iskerlik keyingi dáwirlerde de saqlanıp qalǵan. Mısalı, kompozitor Vagner, kompozitor hám pianinoshı Ferens List, pianinoshı Gans Fon Byulov, kompozitor Gustav Maler, kompozitor hám pianinoshı Sergey Raxmaninov, pianinoshılardan Ziloti hám Safonov, Rixter hám Motllar kózge kóringen dirijyor bolǵan. Olar kompozitorlıq maǵlıwmatın qolǵa kirgizgen hám usı waqıtta pianinoshı da bolǵan. Nikish-altshi hám kompozitor, Arturo Toskanini -violonchelist, Bruno valter hám Otto Klemperer-pianinoshı, Oskar Frid - valtornashı bolǵan.

**Ádebiyatlar**

1. Toshmatov E. Dirijyorlıq. T. 2008 y.
2. Azimov K. O‘zbekiston dirijyorlari. T.2001 y.
3. Kurt Redel «Taktschlagen oder Dirigiren». M: RIGORDE. 2005. 107 b.

**REZYUME.** Bu maqola dirijyorlıq san’atining tarixi uning rivojlanishi va o‘zlashtirilishi, ijro chevarligi qoidalari, o‘qitish tartibi haqida aytib o‘tsak bo‘ladi.

**РЕЗЮМЕ.** В данной статье рассказывается об истории искусства дирижирования, его развитии и контроле, правилах исполнения и порядке обучения.

**SUMMARY.** This article talks about the history of the art of conducting, its development and control, rules of performance and training procedures.

## ASQAR JÍRAW DÓRETIWSHILIGI

**Z.Askarova** - *úlken oqıtıwshı*
*Ózbekstan mámleketlik mádeniyat hám kórkem óner institutı Nókis filialı*

**Tayanch so‘zlar:** doston, motiv, folklor, variant, baxshi.
**Ключевые слова:** эпос, мотив фольклор, вариант.
**Key words:** epic, motiv, folklore, variant, baksy, jıraw.

Túrkiy xalıqlarda jırawshılıq óneriniń saǵası áyyemgi dáwirlerden baslanadı. Bul haqqında «Orxon-Enisey» jazba estelikleri tekstin jazdırǵan Tonıkók penen Yolluǵ Tegin, «Oguznama» jazba esteligin jazǵan Ulıq túrk degen boljawlar bar. Olar óz dáwiriniń jırawları bolǵan degen boljawlar, pikirler hám derekler bar. Al, VIII-XI ásirlerdiń jazba esteligi «Kitabı dadam Qorqıt» jırlarınıń qaharmanı sıpatında qatnasatuǵın Qorqıt atanıń tariyxta jasaǵanlıǵı, jıraw bolǵanlıǵı tuwralı jazba derekler jetip kelgen biraq, Tonıkók, Yollıǵ, Tegin hám Ulıq túrklerdiń jıraw bolǵanlıǵı haqqında qolımızda jazba derekler joq. Qorqıt atanıń óz dáwirinde ullı oyshıl, danıshpan, áwliye, el basshısı, ataqlı jıraw hám shayır, xalıqtıń aqılgóyi bolǵanlıǵın tastıyıqlawshı kóp ǵana tariyxıy faktler hám derekler bar. Mısalı: tariyxshılar Abulǵazı Bahadur xannıń «Shejereyi terekime» («Túrk shejiresi»), Rashid-ad-Dinniń Jami at-tawarix» («Shejireler jıynaǵı») miy-netlerinde, XIV-XV ásirdiń ullı shayırları Abduraxman Jámiy, Álisher Nawayı Qorqıt ata tuwralı jazıp qaldırǵan. Qorqıt ata haqqında, onıń jıraw bolǵanlıǵı tuwralı qaraqalpaqlarda xalıq áńgimeleri, áńız- ápsanaları keń taralǵan. Hátteki, Qorqıt atanıń qobız saz ásbabın oylap tapqanlıǵı hám soqqanlıǵı haqqında qızıqlı áńız bar. Jırawlar atqaratuǵın dástanlar, termeler, tolǵawlar qobız muzıka saz ásbabında atqarılǵan. Usı qobız saz ásbabı da áyyemgi dáwirdiń esteligi «Kitabı dadam Qorqıt» jazba esteliginen orın alǵan bir jırda Qorqıt ata qolına qobızın alıp jır jırladı dep aytılsa, Mahmud Qashqariydiń «Devonu – luǵat-it túrk» jazba esteliginde «Qobızlıǵ kishi» degen maǵlıwmattı ushıratamız. Áyyemnen miyras bolıp kiyatırǵan qobız saz ásbabı búgingi kúnge kelip túrkiy xalıqlardıń ishinde tek qaraqalpaqlarda ǵana saqlanıp qalǵan. Sonlıqtan da, dúnya mádeniyatı, kórkem óneri tariyxında qaraqalpaq jırawı hám onıń qobız saz ásbabınıń tutatuǵın ornı ayrıqsha. Qaraqalpaq xalqı arasında jırawlar oǵada kóp bolǵan. Bul haqqında professor S.Bahadırova bılayınsha sóz etedi: «Qaraqalpaq jırawlarınan bizge 300 den aslam jırawlardıń atı belgili…, olardıń ishinde 40 qa jaqın jırawdıń repertuarınan 200 den aslam dástanlar jazıp alınǵan»-dep jazadı. [1. 90] Professor Q.Ayım-betov «Xalıq danalıǵı» atlı izertlewinde qaraqal-paqlarda 54 jıraw, 7 baqsı, 52 qıssaxannıń atları, tuwılǵan hám qaytıs bolǵan jılları haqqında maǵlıwmat berilgen. 31 jıraw naması, 28 duwtar naması jóninde qısqa áńızlar keltiriledi. Onnan basqa baqsı-jırawlardıń súwretleri menen qosa, shayırlardıń, baqsılardıń sxemada shejire – kestesi berilgen. [2.74-256]

Q.Ayımbetov keltirgen joqarıdaǵı maǵlıwmatta qaraqalpaq jırawlarınıń qatarında Asqar jıraw Bekeevtiń ismi de keltiriledi. Bul jıraw haqqında jırawalardıń shejire-kestesinde de beriledi.

Asqar jıraw (1900-1984) Qaraózek rayonı-nda «Qarabuǵa» awılında tuwılǵan. Asqar jırawdıń sawatı bolmaǵan, biraq júdá qolı epli, ónerli adam bolǵan hám yadta saqlaw qábileti kúshli, qatıqulaq, esitkenin umıtpaytuǵın bolǵan. Sol dáwirde belgili jırawlardıń biri Izimbet jıraw aǵayini bolǵanlıqtan onıń shańaraǵına kelip atqarǵan dástanların tıńlaǵan hám ustazınan «Qoblan», «Edige», «Alpamıs», «Máspatsha» hám t.b. dástanlardı úyrenedi.

Qaraqalpaq xalqınıń ataqlı jırawları Esemurat, Ábdirásúwli, Qulamet, Qurbanbay jırawlar Nurabulla jırawdıń tiykarǵı shákirtleri esaplanadı. Solay etip qaraqalpaq xalqında óz aldına Nurabulla jıraw mektebi qáliplesken. Kórnekli ilimpaz N.Dáwqaraev qaraqalpaq jırawların eki mektepke bóledi. Birinshi Jiyen jıraw (XVIII ásir) mektebi: buǵan Aytuwar, Qabıl, Xalmurat, Jiyemurat, Qurbanbay